**ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРТЫ КОНСПЕКТ**

**БАЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРДЫ САБИТÆН**



**ИРЫСТОН – НÆ ФЫДÆЛТЫ РАГОН УÆЗÆГ.**

**ИРЫСТОНЫ СИМВОЛИКÆ.**

*Хъомылгæнæг: Дзгойты Зæлинæ*

**НЫСАН:** Сфæлхатын æмæ ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ райгуырæн бæстæйы, Ирыстоны символты æмæ сæ нысаниуæджы тыххæй. Сабиты ахуыр кæнын сæ хъуыдытæ дзурын.

Хъæздыгдæр кæнын сабиты дзырдуат, рæзын сын кæнын сæ логикон хъуыдыкæнынад, хъусдард, фæлгæнæн, æнгуылдзты моторикæ.

Хъомыл кæнын сабиты, цæмæй сæрыстыр уой сæ райгуырæн бæстæйæ; уарзондзинады æнкъарæнтæ сæвзæрын кæнынил архайын, алы хуызы æрмæджытæй пайда кæнгæйæ.

## АХУЫРЫ НЫВÆСТ

I. **Кафт «Ирыстоны тырыса»** зарæг «Мæ Ирыстон»-мæ гæсгæ.

*Кафты фæстæ сывæллæттæ æрлæууыдысты æрдæгзылдæй.*

- Уæ райсом хорз, сабитæ! (Æгас цу!)

- Абон махмæ æрбацыдысты уазджытæ, салам сын раттæм. (Æгас цæут, нæ зынаргъ уазджытæ! Æхсызгон нын у уæ уынд!)

- Нæ абоны ахуырми хуымæтæг нæ уыдзæн. Мах абалц кæндзыстæм нæ бæстæйыл. Табуафси, уе ŕгом-ма экранмæ раздахут.

*Экранил къам – чызджытæ кафгæ-кафын тырысайы хуызы куыд æрбадынц, уыцы хуызистимæ.*

- Æркæсут-ма лæмбынæг уæ хуызистмæ. Ацы къамы цы хуызы лæуут, уый цæимæ ис абарæн? (Ирыстоны тырысаимæ).

- Раст зæгъут. Алы республикæ, алы адæмыхатты истории дæр баст у йæхи символтимæ. Ранымайут уыцы символтæ. (Тырыса, герб, гимн).

- Иттæг раст! Æрæджы Ирыстоны уазæг-уаты уыдис иу хъуысгонд нывгæнæг. Йæ зæрдæмæ тынг фæцыд нæ бæстæ, дисы йæ бафтыдта нæ æрдз: нæ айнæг къæдзæхтæ æмæ знæт дæттæ, нæ рæсугъд быдыртæ æмæ фæтæн угæрдæнтæ. Фæстæмæ хъæмæ куы æрцыд, уæд сфæнд кодта Ирыстоны тырыса сныв кæнын. Фæлæ нæ фыдæлты зæхх ахæм æнæссæугæ тæлмæн ныууагъта йæ зæрдæйы, æмæ нæ тырысайы хуызтæ фæд-фæдыл куыд цæуынц, уый дзы æрбайрох. Уымæ гæсгæ сныв кодта æртæ хуызæджы. Мах нæ хæларæн хъуамæ баххуыс кæнæм æмæ уыцы æртæ хуызæгæй равзарæм иу, растдæр кæцы у, уый.

## II. Д/хъазт «Баххуыс кæнæм нывгæнæгæн».

- Уæхи-ма компьютертæм хæстæгдæр æрбайсут æмæ сæ размæ дыгæйттæй æрбадут. Экрантыл уынут, нæ нывгæнæг цы тырысаты хуызтæ скодта, уыдон. Равзарут уыцы хуызæгтæй иу, сымахмæ гæсгæ, раст кæцы у, уый.

*Сывæллæттæ кусынц. Хъомылгæнæг бацæуы алы компьютермæ дæр æмæ сабитæ цы тырыса равзарынц, уый фестырдæр кæны.*

- Сæххæст кодтат уæ хæс. Ныр уе́ргом раздахут стыр экранмæ.

*Экраныл Ирыстоны тырысайы стыр хуызист.*

- Мæнæ ацы хуызы хъуамæ цæуой нæ тырысайы хуызтæ. Кæмæн у йæ тырыса раст? Чи фæрæдыд?

- Уæдæ-ма, ранымайæм нæ тырысайы хуызтæ фæдыл-фæдыл куыд цæуынц уый æмæ сбæрæг кæнæм алы хуызы нысаниуæг. (Уæле – урс: уды сыгъдæгдзинад. Астæуæй – сырх: хъæбатырдзинад æмæ тых. Бынæй – бур: бæркад æмæ фарн).

- Тынг хорз. Æз уæ дзуаппытæ арвитдзынæн нæ хæлар нывгæнæгмæ æмæ уый нал фæрæдидзæн Ирыстоны тырыса нывгæнгæйæ.

## III. Ныхас Ирыстоны тыххæй.

- Нæ ахуырми куы райдыдта, уæдæй нырмæ тынг арæх фæдзурæм дзырд *«Ирыстон»*. Æмæ, цымæ цы у махæн Ирыстон? (Нæ райгуырæн бæстæ).

- Куыд хуыйны нæ республикæ æххæст номæй?

- Ирыстоны сæйраг горæт куыд хуыйны?

- Мах кæм цæрæм, уыцы горæт та?

- Цавæр горæттæ ма ис Ирыстоны?

- Раст. Сабитæ, дзырд *«горæт»* у уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырд. Иронау та горæт хуыйны *«сахар».* Зæгъæм-ма иумæ: *«Сахар»* (2-3 хатты).

- Цавæр бæстæ у Ирыстон? (Хæххон бæстæ).

- Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинады кой дæрддыл айхъуыст дунейы алы рæтты. Уæдæ-ма бакæсæм нæ бæстæйы алæмæты рæсугъд бынæттæм.

*Стыр экраныл кæсынц цыбыр клипмæ «Ирыстоны æрдз».*

## IV. Д/хъазт «Чи тагъддæр?»

Фæстагмæ экраныл баззайы иу къам.

- Æркæсут лæмбынæг ацы къаммæ. Бахъуыды йæ кæнут. Ыртæккæ сымах ацы хуызист хъуамæ æрымбырд кæнат уæ разы цы хицæн фрагменттæ ис, уыдонæй. Адих уыдзыстæм дыууæ къордыл. Хæслæвæрд æххæст кæндзыстæм рæстæгмæ – кæцы къорд тагъддæр æрымбырд кæна хуызист, уый рамбулдзæн.

*Сабитæ кæсынц хуызистмæ, уый фæстæ экран ахуыссын кæнынц. Сывæллæттæ магнитон фæйнæгыл æмбырд кæнынц хуызисты ныв хицæн фрагменттæй. Куыст куы фæуой, уæд та стыр экраныл равдисынц дæнцæг.*

*Сабитæ кæсынц дæнцæгмæ æмæ, кæд сæ куыстыты рæдыд уа, уæд сæ раст кæнынц.*

## V. Ирыстоны гимн.

*Райхъуыстысты Ирыстоны гимны зæлтæ. Сывæллæттæ лæууынц, æмæ æдзынæгæй хъусынц.*

- Цæмæ байхъуыстам, сабитæ? (Ирыстоны гимнмæ).

- Раст зæгъут. Гимн у нæ республикæйы дыккаг символ. Цы хуызы арæзт у гимн? (Зарæдзжы хуызы, ис дзы музыкæ æмæ æмдзæвгæ).

- Æмæ гимны ныхæсты дзырд цæуыл цæуы? (Нæ райгуырæн бæстæйыл, нæ Ирыстоныл, куыд бирæ уарзынц ирон адæм сæ фыдыуæзæг, куыд зынаргъ æмæ сын куыд адджын у),

- Æмæ йæм лæугæйæ та цæмæ хъуыстам? (Уымæй мах бавдыстам нæ Фыдыбæстæйæн кад кæй кæнæм, уый).

## VI. **Физминуткæ** (фæндырдзагъдмæ гæсгæ)

*1,2,3,4 – рæвдздæр у, дæ бынат ар.*

*Къухтæ иумæ, къæхтæ ′ндæгъд.*

*Гъе, мæ фæндыр, рæвдз æрцæгъд.*

*Къухтæ синтыл, кæн гуыбыр,*

*Сæмраст кæн йеныр дæ гуыр.*

*Айтындз уарийау дæ цæнгтæ,*

*Къухтæ ардæм, ардæм тил,*

*Кафгæ д΄алыварс æрзил.*

*Рæвдздæр, фæндыр, рæвдз æрцæгъд,* -

*Хистæр лæппуйæн æмдзæгъд!*

## VII. Ирыстоны герб.

- Дарддæр кæнæм нæ балц. Уе΄ргом та экранмæ раздахут. Цы уынæм ацы хуызистыл? (Ирыстоны герб).

- Герб нын баззад нæ фыдæлтæй. Цы йыл сныв кодтой? (Стай, мысыр, франк).

- Цыхуызæн у стай гербыл? (Сыгъзæрин хуыз, йæ хъуынтыл ис сау тæппыиæ).

- Цы нысан кæны мысыры ныв гербыл? (Хъæбатырдзинад, тых, лæгдзинад, æдасдзинад).

- Цæмæн равзæрстой нæ фыдæлтæ ацы сырды гербæн? (Сæхи хуыдтой уый хуызæн хъæбатыр æмæ æдас адæм).

- Стайæ уæлдай ма цы уынæм гербыл? (Хæхтæ).

- Цæмæн снывкодтой гербыл хæхтæ? (Уымæн æмæ мах цæрæм хæхты бæсты).

- Æмæ цал хохы снывкодтой нæ фыдæлтæ? (Авд).

- Цæмæн сты авд, цы нысан кæнынц? (Авд хохы нысан кæнынц Ирыстоны авд комы).

- Иттæг раст дзуаппытæ мын раттат!

## VIII. Хуызджын змисæй гербы ныв кæнын.

- Ныртæккæ та уæ алчидæр, йæ разы цы хуызджын змис ис, уымæй афæлвардзæн Ирыстоны герб сныв кæнын. Табуафси, райдайæм кусын.

*Хъуысы ирон фæндырдзагъд. Сабитæ змисæй трафареттæм гæсгæ ныв кæнынц герб.*

## IX. Ахуыры хатдзæг.

- Нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Уæ зæрдæмæ фæцыд?

- Цæуыл дзырдтам абон?

- Цавæр ног дзырд базыдтам?

- Æппæтæй тынгдæр уæ зæрдæмæ цы фæцыд?

- Цы уæм фæкастис зын?

- Тынг хорз арвыстам нæ бон. Сымах дæр тынг хорз архайдтат!

- Нæ иннæ фембæлдмæ!